

VWAYAJE ANSANM NAN OTO
VWAYAJE ANSANM NAN KAMYONÈT
TRANZYT

BENEFIS NAN PEYE TAKS POU MOUN KI FÈ
ALEVINI CHAK JOU

PWOGRAM ROULIB RIVE LAKAY ANKADIJANS
(EMERGENCY RIDE HOME (ERH))



SOUTH FLORIDA
COMMUTER
SERVICES



RELE JODI A! 1-800-234-RIDE
www.1800234RIDE.com

Kite South Florida Commuter Services fe w vwayaje chak jou ak ké poze

South Florida Commuter Services (SFCS) se yon pwogram ki bay èd pou moun nan rejyon an ki vwayaje chak jou. Se lajan Depatman transpòtasyon nan Florida (Florida Department of Transportation) (FDOT) ki pèmèt pwogram lan ki fè yo kapab bay èd bay moun ki vwayaje chak jou, bay biznis, bay kominote nan distrik Miami-Dade, Broward ak Palm Beach yo. Avèk èd SFCS ou kapab jwi benefis sa a yo lè ou vwayaje chak jou ak lòt moun:

- * Ekonomize lajan sou gaz, pakin ak peyaj
- * Jwi avantaj espesyal nan peye taks
- * Kenbe valè machin pa ou
- * Pran rout HOV pou rive pi vit
- * Fè zanmi nan rive nan travay ak kè poze



Men sèvis SFCS ofri gratis:

WAYAJE ANSANM NAN OTO/ VWAYAJE ANSANM NAN KAMYONÈT – Eske ou ta vle fè lekti, prepare travay ou, relage pandan ou pral travay? Li fasil pou SFCS fè w jwenn lòt moun pou monte machin avèk ou. Nou gen yon pwogram nan Entènèt nou rele RidePro ki pèmèt nou mete moun ansanm touswit paske yo rete e yo travay nan yon menm rejyon. Epitou, menm jan avèk ou yo enterese nan ekonomize sou gaz ki chè, pakin ak peyaj. SFCS kapab fè w jwenn moun pou vwayaje ansanm avèk ou nan oto oswa nan kamyonèt ki satisfè bezwen ou. Ale nan Entènèt jodi a nan adrès www.1800234RIDE.com!

TRANZYT – Tranzyt kapab pi fasil e mwen chè pase kondui machin menm si ou pa alevini souvan. SFCS kapab òganize vwayaj ou ak Miami-Dade Transit, Broward County Transit, PalmTran, oswa Tri-Rail.

ROULIB RIVE LAKAY ANKADIJANS - (Emergency Ride Home) (ERH) – Ou ta byen renmen vwayaje ak lòt moun, men si ou gen yon kadijans sa pou fè? Moun kap vwayaje chak jou ansanm ak lòt moun nan oto oswa nan kamyonèt, ki sèvi ak bekàn, ak tranzyt, oswa ak de pye yo pandan omwen 3 jou pa semèn kapab jwenn lalign GRATIS pou ale lakay yo (6 fwa pandan lane) si gen yon kadijans.

Rele nou jodi a nan nimewo 1-800-234-RIDE pou konnen tout jan nou kapab ede ou oswa ale nan Entènèt nan adrès 1800234RIDE.com pou koumanse vwayaje ak lòt moun.



SOUTH FLORIDA
**COMMUTER
SERVICES**

3201 West Commercial Boulevard, Suite 211
Fort Lauderdale, Florida 33309-3440
1-800-234-RIDE • www.1800234RIDE.com

